दिन–सोमवार दिनांक–11.05.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार विकसित भारत– रोजगार आओर आजीविका मिशन ग्रामीण– वीबी जी राम जी अधिनियम दू हजार पच्चीस के देशभरि मे लागू करबाक अधिसूचना जारी कऽ देलक अछि। ग्रामीण विकास मंत्रालय द्वारा जारी राजपत्र अधिसूचनाक अनुसार ई कानून एक जूलाई दू हजार छब्बीस सँ सभ राज्य आओर केन्द्रशासित प्रदेश मे लागू होयत। ई अधिनियम सँ ग्रामीण क्षेत्र मे रोजगारक मौका के बढ़ायब, आजीविकाक साधन के मजगूत करब आओर आत्मनिर्भर ग्रामीण अर्थव्यवस्था के प्रोत्साहन देनाई अछि। एहि के लागू भेला सँ ग्रामीण विकास योजना सभ के नव गति भेटत आओर गाम सभ मे स्थायी रोजगार सृजन के बढ़ावा भेटत।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ पटना मे मुख्यमंत्री सचिवालय मे आयोजित कार्यक्रम सँ सहयोग पोर्टल शुरू कयलनि। लोकसभक शिकायत के शीघ्रहिं निष्पादन लेल ई शुरू कयल गेल अछि। मुख्यमंत्री एहि मौका पर जनौलनि जे पंचायत स्तर पर मास मे दू दिन शिविर लगा कऽ लोक सभक समस्याक समाधान कयल जायत। एकर मॉनिटरिंग जिलाधिकारी आओर पुलिस अधीक्षक करताह। सहयोग पोर्टल लोक सभक शिकायत के पारदर्शी रूप सँ निपटेबाक लेल तैयार कयल गेल अछि। ई पोर्टल पर एकीकृत ऑनलाईन प्रणालीक माध्यम सँ शिकायत दर्ज करबाक स्थितिक जनतब लेब आ रिमाइंडर पठायब आओर प्रतिक्रिया देबय मे आसान होयत। ई पोर्टल पर परिवाद दर्ज करबाक तिथि सँ तीस दिन मे निष्पादन कऽ आवेदक के लिखित सूचना देल जायत।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ पटना मे मंदीरी नाला– नवीन किशोर सिन्हा पथक लोकार्पण कयलनि। पटना स्मार्ट सिटी मिशन परियोजना मे बनल ई पथ सँ स्थानीय लोक सभ के ट्रैफिक जाम सँ राहत भेटत। एहि मौका पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ विजेन्द्र प्रसाद यादव आओर भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद नितिन नवीन सेहो छलाह।

---

पश्चिम चंपारण जिलाक रामनगरक खटौरी गाम मे पूर्वोत्तर भारतक पहिल हाईटेक हेचरी प्लांट शुरू भेल अछि। केन्द्रीय खनन आओर कोयला राज्यमंत्री सतीशचंद्र दूबे ई प्लांटक उद्घाटन कयलनि। एहि मौका पर ओ जनौलनि जे एहि सँ कृषि उद्यमिताक क्षेत्र मे नव क्रांति आओत आओर युवा सभ के रोजगारक नव मौका भेटत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोमनाथ अमृत पर्वक मौका पर पहिल ज्योतिर्लिंग– सोमनाथ महादेव मंदिर मे विशेष महापूजा कयलनि। ओ सोमनाथ मंदिरक शिखर पर कुम्भाभिषेक सेहो कयलनि। मंदिरक इतिहास मे पहिल बेर मंदिरक शिखर पर एगारह तीर्थ स्थल सँ लाओल गेल पवित्र जल सँ जलाभिषेक कयल गेल। एहि बीच, वायु सेना एयर शो कयलक जाहि मे सूर्यकिरण एयरोबेटिक्स टीम सोमनाथक ऊपर मनमोहक कर्तव्य देखौलक आओर हेलीकॉप्टर सँ पुष्प वर्षा कयल गेल। सोमनाथ अमृत पर्व, सोमनाथ मंदिरक पुननिर्माणक पचहत्तरि बरख पूरा होयबाक मौका पर मनाओल गेल। एहि मौका पर राज्यक कतेको शिवालय मे विशेष पूजा–अचर्ना कयल गेल।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक आह्वान पर केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह लोक सभ सँ पेट्रोलिमय उत्पाद पर आयात पर खर्च होयवाला विदेशी मुद्रा बचेबाक संकल्प लेबाक लेल जनौलनि अछि। श्री सिंह जनौलनि जे एहि लेल लोक सभ कारपूल कऽ सकैत छथि। गैस चूल्हाक बदला इंडक्शन सँ काज लेल जा सकैत अछि। एम्हर, पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश जनौलनि अछि जे वैश्विक ऊर्जा संकटक बिच लोक सभ के पेट्रोलियम उत्पादक काज मे अनुशासन बरतबाक चाही।

---

भाजपा नेता सूर्य कुमार शर्मा उर्फ अरविन्द शर्मा आइ बिहार विधान परिषद सदस्यक रूप मे शपथ लेलनि। विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह हुनका पदक शपथ दियौलनि। पूर्व मंत्री मंगल पांडेयक इस्तीफा सँ खाली भेल सीट पर भेल उपचुनाव मे ओ एनडीएक उम्मीदवार छलाह। हुनका निर्विरोध सदनक सदस्य निर्वाचति कयल गेल छल।

---

खनन आ भूतत्व विभागक मंत्री प्रमोद कुमार आइ पदभागर सम्हारि लेलनि। आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे अवैध खनन मे लागल लोक सभ पर कड़गर कार्रवाई कयल जायत।

---

पश्चिमी विक्षोभक असरि कम भेला सँ प्रदेश मे बारिशक स्थिति मे कमि आयल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बिच कीछु ठाम हल्लुक बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे काल्हि राज्यक उत्तर आओर दक्षिणी क्षेत्र मे किछु ठाम हल्लुक बरखा भऽ सकैत अछि। ओतहि, अगिला अड़तालीस घंटाक बिच अधिकतम तापमान दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस बढ़ि सकैत अछि।

---

पूर्वी चंपारण जिलाक जितना थानाक अगरवा गाम सँ पुलिस आओर एसएसबीक टीम दू किलो सात सय ग्राम चरसक संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

मुजफ्फरपुर जिलाक मुसहरी थानाक नरौली बालगृह सँ दस बच्चा के लापता होयबाक मामिला सोझा आयल अछि। जिला प्रशासन मामिलाक जांच कऽ रहल

दरभंगा जिलाक बहेरी बाजारक एक स्टूडियों मे पुलिस छापा मारि कऽ फर्जी आधार कार्ड बनाबयवला गिरोहक खुलासा कयक अछि। मौका सँ दू लोक के गिरफ्तार सेहो कयल गेल अछि।

---

समाप्त